

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan analisis kasalahan basa *alay* nu aya dina *facebook*, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Tina 50 akun *facebook* nu jadi sumber data kapanggih aya 195 kandaga kecap Sunda nu ditulis dina basa *alay*.
- 2) Kandaga kecap Sunda nu ditulis dina pola éjahan basa *alay* aya 352 pola éjahan. Aya parobahan dina pola éjahan nu kapanggih dina basa *alay*, nya éta parobahan vokal, konsonan, jeung engang. Dina parobahan vokal, tina genep vokal kapanggih aya 25 pola éjahan vokal nu anyar dina basa *alay*. Jumlah total frékuénsi muncul tina éta pola éjahan téh aya 128 kali. Tina 15 konsonan aya 108 pola éjahan vokal nu anyar dina basa *alay*. Jumlah total frékuénsi muncul tina éta pola éjahan téh aya 354 kali. Sedengkeun dina parobahan engang, tina lima pola engang nu kapaluruh aya 44 pola engang nu anyar dina basa *alay*. Jumlah total frékuénsi muncul tina éta pola engang téh aya 307 kali.
- 3) Hasil tina babandingan antara kandaga kecap Sunda nu standar jeung kandaga kecap nu ditulis dina pola éjahan basa *alay* kapanggih yén unggal kecap nu ditulis dina basa *alay* miboga cara panulisan nu béda jeung cara panulisan kecap nu standar. Unggal kecap aya nu miboga hiji pola éjahan basa *alay*, aya nu leuwih ti hiji pola éjahan basa *alay*. Tiap pola éjahanna sorangan aya nu teu

béda jauh jeung aslina saperti kecap <abong> jadi <abonx>, aya ogé nu béda jauh saperti dina kecap <céngos> jadi <chenxouzht>.

5.2 Rekoméndasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan éjahan basa *alay* ieu, aya sababaraha rékoméndasi tina ieu panalungtikan ,nya éta:

- 1) Ayana panalungtikan nu leuwih jembar pikeun ngeuyeuban hasil panlungtikan nu geus aya.
- 2) Pikeun para rumaja, basa *alay* leuwih alus dipaké ka papada jalma nu mémang paham kana éta basa.